



Pou Piblikasyon Imedya: 4/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN DEKRÈ EGZEKITIF POU KREYE PREMYE PLAN DIREKTÈ POU GRANMOU AJE NAN NEW YORK

Nan kad Jounen Nouyòkè Aje yo, [Dekrè Egzekitif](#) la mande yon Plan Direktè konplè pou granmoun aje yo pou asire ke Nouyòkè ki aje yo ka viv ayon lavi ki an sante epi ki konplè pandan y ap vyeyi ak diyite ak endepandans

Depatman Sante ak Biwo pou Granmoun Aje a pral dirije yon Konsèy Plan Direktè pou Granmoun Aje; Konvoke yon Komite Konsiltatif ak moun ki gen enterè yo

Gouvènè Kathy Hochul te siyen yon dekrè egzekitif pou kreye premye Plan Direktè pou Granmoun Aje (Master Plan for Aging) eta a pou asire ke granmoun Nouyòkè yo ka viv yon lavi ki an sante epi ki konplè pandan y ap vyeyi ak diyite ak endepandans. Dekrè Egzekitif la ki te siyen nan kad Jounen Nouyòkè Aje yo, mande Komisè Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a ak Direktè Biwo pou Granmoun Aje (Office for the Aging) Eta a pou dirije yon Konsèy Plan Direktè pou Granmoun Aje, ki pral ansuit rasanble opinyon nan men moun ki konsène yo pou ekri direktiv pou konstwi kominote ki an sante, ki vivab epi ki ofri opòtinite pou granmoun aje yo.

"Antanke premye eta ki pratik pou granmoun aje nan nasyon an, nou kontinye pran mezi enpòtan pou ekipe ak sipòte granmoun aje New York yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Plan Direktè pou Granmoun Aje sa a pral ba nou zouti pou asire Nouyòkè ki aje nou yo gen aksè ak bon jan kalite swen alontèm nan kominote ki an sante wpi ki vivab, kote yo ka pwospere."

Dekrè egzekitif Gouvènè Hochul la se premye etap nan direksyon pou bati yon plan konplè pou satisfè bezwen sosyo-ekonomik tout jenerasyon Nouyòkè yo pandan y ap vyeyi. Baze sou estati Eta New York kòm premye eta nan nasyon an ki te resevwa ofisyèlman deziyasyon AARP ki pratik pou moun ki aje yo, Plan Direktè pou Granmoun Aje a pral ede kowòdone politik ak pwogram eta ki deja egziste ak nouvo pwogram pou granmoun aje ak fanmi yo, pandan y ap abòde tou defi ki gen rapò ak kominikasyon, kowòdinasyon, bay swen, finansman swen alontèm, ak modèl swen inovan ak objektif jeneral pou ogmante kapasite pou plis moun vyeyi ak diyite ak endepandans.

Dekrè egzekitif la te siyen avan selebrasyon anyèl [Jounen Nouyòkè Aje](#) Biwo pou Granmoun Aje Eta New York la, ki onore volontè pami granmoun aje yo nan tout eta a.

Kòmmanse nan 1 p.m. jodi a, [selebrasyon vityèl](#) ane sa a pral onore 94 granmoun aje atravè eta a pou kontribisyon inik yo atravè òganizasyon sivik, òganizasyon charitab, nan lekòl oswa bibliyotèk, nan non òganizasyon sante ak sèvis imen oswa òganizasyon san bi likratif, epi atravè aksyon bonte.

Komisè Sante a Doktè Mary Bassett oswa reprezantan li pral prezide Konsèy Plan Direktè pou Granmoun Aje a, Direktè Biwo pou Granmoun Aje a Greg Olsen pral sèvi kòm vis-prezidan, epi komisè epi direktè ajans eta ki konsène yo pral sèvi kòm manm li yo. Answit konsèy la pral rasanble yon komite ki gen moun ki gen enterè, ki gen ladann manm ki soti nan founisè sèvis swen sante ak sipò yo; konsomatè yo; moun kap bay swen enfòmèl yo; granmoun aje yo - patikilyèman moun ki nan kominote yo ki fè fas ak disparite; konpayi plan sante, òganizasyon mendèv ak òganizasyon kominote yo, anplwayè yo, ekspè sou granmoun aje, ak chèchè akademik, pou site sa yo sèlman.

Nan kòmansman ane sa a, Depatman Sante Eta a te etabli Biwo Aje ak Swen Alontèm pou devlope politik ak pwogram pou satisfè bezwen Nouyòkè ki aje yo ak moun ki gen andikap ki bezwen sèvis swen ak sipò alontèm yo. Nouvo biwo sa a ki te kreye nan mwa jiyè a ap travay sere ak Biwo Pwogram Asirans Sante yo, Biwo Swen Prensipal ak Jesyon Sistèm Sante yo, ak Biwo pou Granmoun Aje Eta a pou kowòdone aktivite Depatman Sante yo ki gen rapò ak Nouyòkè ki aje yo.

Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè Mary T. Bassett, te deklare, "Eta New York gen yon istwa depi lontan pou sipòte yon pakèt sèvis ak sipò swen alontèm, e mwen vle bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li bati sou eritaj sa a ak premye Plan Direktè pou Granmoun Aje Eta a. Travay Biwo pou Granmoun Aje ak Swen Alontèm depatman nou an ki fèk kreye a pral gide pa vizyon Gouvènè Hochul pou yon sistèm swen alontèm ki aksesib, efikas ak abòdab, yon sistèm ki pral rekonèt bezwen inik ak atant chak moun l ap sèvi yo."

Greg Olsen, ki se Direktè Biwo Eta New York pou Granmoun Aje a, te deklare, "Plan Direktè sa a bati sou yon fondasyon solid ki deja reyini ajans eta yo nan yon efò kowòdone pou bay opòtinite ak sipò pou granmoun aje yo ak fanmi yo. Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, repons solid ki gen plizyè sistèm sa a ap reyalize rezilta nan plizyè domèn, soti nan swen sante rive nan transpò, lojman abòdab rive nan devlopman kominote, ak detèminan sante sosyal yo, ak yon gwo anfaz sou prevansyon sèvis ki koute pi chè. Biwo pou Granmoun Aje Eta New York la fyè pou li rejwenn Depatman Sante, ajans patnè yo, ak pati konsène yo nan yon efò sistematik pou fizyone travay sa a ki baze sou plizyè deseni eksperyans nan travay nan non granmoun aje New York yo nan kominote a."

Asistan Komisè Depatman Sante Eta New York la pou Granmoun Aje ak Swen Alontèm, Adam Herbst te deklare, "Biwo pou Granmoun Aje ak Swen Alontèm lan pral jwe yon wòl enpòtan nan asire ke New York pral gen yon sistèm swen sante ki reponn ak bezwen kantite rezidan aje yo k ap grandi nan Eta a. Li pral ede dirije yon efò ki lakman enklizif pou devlope premye Plan Direktè Eta a pou Granmoun Aje ki pral enkòpore inisyativ swen sante ak inisyativ sante piblik pou refòme swen alontèm."

Direktris Egzekitif Asosyasyon sou Granmoun Aje nan New York la, Rebecca

Preve, te deklare, "Asosyasyon sou Vyeyès nan New York kontan dèske Gouvènè Hochul, Biwo Eta New York pou Granmoun Aje, ak Depatman Sante Eta New York ap travay ansanm pou devlope yon Plan Direktè konplè pou Granmoun Aje yo. Plan Direktè a bati sou travay enkwayab ki egziste deja ak pwogrè ki deja fèt nan New York pou asire ke li se yon kote ki pratik pou moun ki aje, enklizif, ak aksesib pou granmoun aje ak moun ki gen tout kategori laj viv. Plan an bay yon opòtinite pou rasanble opinyon sitwayen yo, lidè panse, ak ekspè yo nan sektè piblik ak prive k ap sèvi moun yo pandan tout lavi yo, pou sipòte Nouyòkè yo pou yo vyeyi anplas avèk siksè."

Prezidan Fondasyon Sante pou Rejyon Lwès ak Rejyon New York Santral la, Nora

OBrien-Suric, te deklare, "Mèsi Gouvènè Hochul pou Dekrè egzekitif jodi a ki solidifye angajman li nan yon Plan Direktè konplè pou Granmoun Aje nan Eta New York. Sa a se yon moman enpòtan pou granmoun aje New York yo ak tout moun ki bay valè ak vyeyès ki an sante atravè eta a. Fondasyon Sante a te defann pou New York pran etap enpòtan sa a depi 2021, lè nou te premye òganizasyon nan eta a ki te mande yon plan konsa. Depi lè sa a, nou te fyè dèske nou ede jere yon kowalisyon òganizasyon san bi likratif ak defansè ki endepandan ak divès —Kowalisyon Plan Direktè pou Granmoun Aje Eta New York la —ki kolabore pou bay enfòmasyon ak rekòmandasyon ki ka ede asire plan eta a enklizif, responsab, ak konsantre sou kominote a. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak ekip li a paske yo ede asire ke, nan chak etap nan aplikasyon plan an, bezwen granmoun aje New York yo ak moun k ap pran swen yo nan priyorite prensipal la, e ke plan sa a se yon pwosesis transparan ak mezirab ki kondwi pa prensip ekite sante ak vyeyès an sante. Lè nou priyore opinyon moun ki pi pre pwoblèm sa yo, New York kapab aplike yon plan ak fyète ki gen pi gwo enpak alontèm posib sou kapasite tout moun pou yo pwospere nan nenpòt kategori laj."

Kowòdonatè Kowalisyon Plan Direktè pou Granmoun Aje Eta New York la, Bob

Blancato, te deklare, "Mèsi Gouvènè Hochul pou Dekrè Egzekitif jodi a pou yon Plan Direktè pou Granmoun Aje. Moman sa a kapab yon katalizè pou devlopman yon plan transvèsal, ekitab, entèjenerasyonèl ak transparan pou gide New York alavni. Dekrè Egzekitif la bay yon chemen solid pou devlope yon Plan Direktè pou Granmoun Aje ki pral bati sou, ajoute ak pi byen kowòdone politik eta ki egziste yo tankou politik Eta New York ki pratik pou Granmoun Aje ak Sante ak Laj atravè Tout Politik yo. Nou espesyalman apresye rekonesans Gouvènè a ke patisipasyon aktif moun ki gen enterè yo enpòtan anpil pou yon plan solid. Nou espere genyen yon gwo reprezantasyon Kowalisyon nou an nan Konsèy Konsiltatif Pati Konsène yo ki te kreye pa Dekrè Egzekitif la."

Plan Direktè pou Granmoun Aje a baze sou estati New York kòm premye eta nan nasyon an ki adapte pou moun aje, jan AARP ak Òganizasyon Mondyal Sante (World Health Organization, WHO) te deziyen an 2017. Estati sa a deziyen baze sou uit domèn abitan: espas ak batiman ekstèn yo; transpò; lojman; patisipasyon sosyal; respè ak

enklizyon sosyal; travay ak angajman sivik; kominikasyon ak enfòmasyon; sèvis kominotè ak sante.

New York gen katriyèm pi gwo popilasyon granmoun aje nan Etazini, ak 3.2 milyon Nouyòkè -apeprè 16 pousan popilasyon an - ki gen plis pase 65 ane. Yo prevwa popilasyon New York ki gen plis pase 60 ane pral ogante a 5.3 milyon moun disi 2030 ak moun ki gen plis pase katreven ane k ap depase 1.2 milyon moun.

Apeprè 36 pousan popilasyon Eta New York la gen 50 ane oswa plis. Popilasyon sa a kontribye 43 pousan -apeprè 719 milya dola - nan pwodwi nasyonal brit eta a, ki jenere 482 milya dola nan pèman ak salè epi kontribye 72 milya dola nan taks eta ak lokal yo.

Granmoun aje ki gen plis pase 60 ane tou angaje plis pase 495 milyon èdtan nan sèvis kominotè chak ane ki gen yon valè ekonomik ki estime a 13.8 milya dola. Apeprè 66 pousan nan gwoup laj sa a posede pwòp kay pa yo epi ki pa gen ipotèk.

Gouvènè Hochul kontinye ap defann inisyativ pou konstwi yon New York ki pi pratik poumoun aje, ki gen ladan 300 milyon dola pou konstwi lojman pou granmoun aje yo, ki se yon pati nan plan lojman konplè sou sen kan k ap koute 25 milya dola ki pral kreye ak prezève 100,000 inite lojman abòdab nan tout eta a. Bidjè eta ane sa a gen ladan tou yon envestisman 10 milya dola nan enfrastrikti swen sante pou ogmante disponiblite opsyon ki baze sou kominote ki pèmèt granmoun aje yo vyeyi anplas.

Bidjè Eta pi Ane Fiskal 2023 a bay tou 181.5 milyon dola, ansanm tou ak yon ogmantasyon 114.9 milyon dola nan finansman federal dedye, pou pwogram ki sipòte endepandans granmoun aje New York yo ak moun k ap bay swen yo atravè pwogram ak sipò Biwo pou Granmoun Aje a, ki gen ladan nouvo inovasyon ki elaji pou konbat izolman sosyal ak teknoloji.

Kòm yon pati nan bidjè a, Gouvènè Hochul ak Lejislati Eta New York la [te ogmante elijiblite granmoun aje](#) pou Medicaid ak Pwogram Ekonomi Medicare la. Pou Nouyòkè ki gen laj 65 ane oswa plis, limit revni yo pral ogmante a 138 pousan nivo povrete federal la. Sa pral asire ke plis Nouyòkè gen aksè nan kouvèti sante ki fyab ak nan pri abòdab.

###